



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ADOPSYON PLAN 1 MILYA DOLA POU RENOVE SWEN SANTE MANTAL KONTINYÈL ETA NEW YORK LA

Bidjè Ane Fiskal 2024 la pral ogmante kapasite tretman sikyatrik pou pasyan ki entène, sa k ap ogmante sèvis pou pasyan ekstèn yo ak ranfòse kouvèti asirans yon fason dramatik

Plan ki pote transfòmasyon an reprezante pi gwo investisman eta nan swen sante mantal konplè depi epòk dezenstitisyonalizasyon an nan ane 1970 yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon investisman transfòmatif 1 milya dola pou plizyè ane pou renove swen sante mantal kontinyèl Eta a epi redwi drastikman kantite Nouyòkè ki gen bezwen sante mantal ki pa satisfè yo. Kòm yon pati nan Bidjè pou Ane Fiskal 2024 la, plan an pral korije yon sistèm ki te soufri anba plizyè deseni dezinvestisman kwonik nan elaji dramatikman aksè, diminye tan datant yo, epi asire nivo swen apwopriye yo bay moun ki lite ak pwoblèm sante mantal yo. Bidjè a pral bay finansman pou nouvo inite rezidansyèl yo, ogmante kapasite pasyan ki entène yo, epi elaji anpil sèvis pou pasyan ekstèn yo. Anplis de sa, pral gen investisman nan kontak ki baze sou kamarad, yon ekspansyon nan sèvis sante mantal ki baze nan lekòl, ak fèmen twou vid ki genyen nan kouvèti asirans pou sèvis sante konpòtmantal yo.

"Plizyè deseni dezinvestisman kwonik te pèmèt twòp Nouyòkè rete san asistans nan sistèm swen sante mantal Eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plan pou ranje swen sante mantal kontinyèl Eta nou an make yon chanjman monimantal nan apwòch nou an, ranvèse anpil ane neglijanans nan sistèm nou an epi pote investisman solid pou asire ke tout moun nan eta nou an gen aksè ak bon jan kalite swen yo merite. Jodi a, nou make yon nouvo epòk nan eta nou an, fè bezwen sante mantal tout Nouyòkè yo vin pi gwo priyorite."

Bidyè a founi 890 milyon dola nan kapital ak 120 milyon dola nan fon fonksyonman pou etabli ak opere 3,500 nouvo inite rezidansyèl. Inite adisyonèl yo enkli: 500 inite rezidans kominotè ki gen yon sèl chanm, ki bay lojman ak sèvis entansif pou moun ki gen maladi mantal grav ki gen plis risk pou yo nan sitiyoasyon sanzabri; 900 inite tranzisyon; 600 inite apatman ki gen lisans k ap sèvi moun ki bezwen yon nivo sèvis entèmedyè; 1,500 inite lojman sipò k ap sèvi moun ki gen yon maladi mantal grav ki gen bezwen ki mwens egi men ki toujou bezwen sipò pou viv nan kominote a. Anplis de sa, gen ladan 25

milyon dola nan kapital ak 7.3 milyon dola nan depans fonksyònman pou 60 inite lojman tranzisyon kominotè nan Vil New York, ki pral sèvi ansyen moun ki pa gen lojman yo k ap tranzisyon soti nan swen pou pasyan ki entène.

Bidjè a pral bay 18 milyon dola kapital ak 30 milyon dola fon fonksyònman pou elaji kabann sikyatrik pou pasyan ki entène yo, tankou ouvri 150 nouvo kabann pou granmoun nan lopital sikyatrik ke Eta opere, sa ki reprezante pi gwo ekspansyon nan etablisman sa yo depi plizyè deseni. Anplis de sa, Bidjè a bay Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a plis otorite pou bay lopital kominotè yo amand Atik 28 la paske yo pa respekte kantite kabann sikyatrik ki endike nan sètifika fonksyònman yo, sa ki montre angajman Gouvènè a pou asire ke kabann yo te retire pandan peryòd Pandemi COVID-19 la pou yo retabli yo nan kad operasyon yo imedyatman.

Pou elaji sèvis pou pasyan ekstèn, Bidjè a envesti 60 milyon dola nan kapital ak 121.6 milyon dola finansman fonksyònman, ki pral etabli 12 nouvo pwogram ijans sikyatrik konplè ki bay swen pou kriz nan nivo lopital ak triple kantite Klinik Sètifye pou Sante Konpòtmantal Kominotè nan ki finance oa Eta a nan tout Eta a- soti 13 pou rive 39, ki ofri sèvis sante mantal san randevou imedyat entegre ak pwoblèm itilizasyon sibstans pou Nouyòkè ki gen tout laj ak kondisyon asirans.

Finansman sa a pral kreye tou 42 ekip Tretman Kominotè Dinamik (Assertive Community Treatment, ACT) pou timoun ak granmoun pou bay Nouyòkè ki gen plis risk yo sèvis mobil ak gwo entansite ak uit ekip Sipò Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) adisyonèl — senk nan Vil New York ak twa nan rès eta a — pou bay sansibilizasyon ak koneksyon ak sèvis pou popilasyon sanzabri yo ki gen maladi mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans. Kapasite nan 20 klinik nan kad Atik 31 an pral elaji, bay sèvis sante mantal debaz pou Nouyòkè ki pi vilnerab yo.

Yon investisman 28 milyon dola pral ede kreye 50 nouvo ekip kowòdinasyon swen pou Entèvansyon nan Moman Kritik pou bay sèvis konplè, soti nan lojman ak sipò travay, pou moun ki bezwen asistans tranzisyon, ki gen ladan timoun ak granmoun ki soti nan lopital ak sal dijans yo. Investisman sa a pral asire siksè nouvo egzijans pou lopital yo pou yo admèt ak egzeyate pasyan yo, ki gen ladan estanda konplè pou evalyasyon ak ogmantasyon sipèvizyon nan nivo eta a pou asire ke y ap itilize pwotokòl sa yo yon fason efikas.

Yon investisman 2.8 milyon pral elaji pwogram Tretman Angajman Entansif ak Soutni an pou ofri sansibilizasyon ak angajman ki baze sou kamaradri pou granmoun ki gen maladi mantal grav yo Y ap envesti yon lòt 3.3 milyon dola nan pwogram Plasman Endividyèl ak Sipò, pou asire itilizasyon elaji modèl travay sipò sa a ki baze sou prèv pou granmoun ki gen maladi mantal yo.

Bidjè a bay 30 milyon dola pou devlope sèvis sante mantal pou timoun ki nan laj lekòl nan tout eta a, ki genyen ladan l 20 milyon dola pou sèvis sante mantal ki baze nan lekòl ak 10 milyon dola pou mete anplas sèvis fòmasyon ki apwopriye. Anplis, bidjè a

genyen ladan l 10 milyon dola pou ranfòse pwogram prevansyon swisid pou jèn ki gen gwo risk yo.

Anplis de sa a, Bidjè a bay 18 milyon dola sou de zan pou ranbouse founisè yo pou sèvis sante mantal prevantif pou paran yo ak pitit yo; ak 24 milyon dola sou de zan pou ranbouse sèvis depistaj eksperyans negatif nan anfans yo. Bidjè Ane Fiskal 2024 la apiye tou investisman nan Bidjè ane fiskal 2023 ki adopte a, ki enkli 12 milyon dola ki alwe pou pwogram entèvansyon HealthySteps ak pou kriz ki baze nan kay yo pou fè pwomosyon devlopman timoun piti ak tretman pou timoun ak adolesan; ak 3.1 milyon dola pou ranfòse tretman pou moun ki gen twoub alimantè yo.

Bidjè a bay tou yon lòt 60 milyon dola pou sipòte Liy Sekou kont Swisid ak Kriz 988 la (988 Suicide and Crisis Lifeline) - yon ogmantasyon 25 milyon dola pa rapò ak Bidjè anvan an. Pou sipòte mendèv la, Bidjè a gen ladan yon ajisteman chète lavi a ki se 4 pousan ak yon lòt 5 milyon dola pou Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè (Community Mental Health Loan Repayment Program) ki nan Biwo Sante Mantal la, sa ki elaji kalifikasyon pou pwogram nan pou l enkli pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans.

Anplis bay finansman enpòtan, Bidjè a tou fèmen twou vid ki genyen nan kouvèti asirans ki te poze yon baryè pou Nouyòkè yo ki bezwen sèvis swen sante mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans. Dapre chanjman ki endike nan Bidjè a, plan asirans komèsyal yo dwe adopte estanda rezo adekwat pou sèvis sante konpòtmantal; kouvri kriz mobil vital, entèvansyon kont kriz, ak sèvis apre egzeyat, sa yo bay nan klinik sante mantal ki nan lekòl yo, ak tretman medikaman kont adiksyon vital ak medikaman pou ranvèsè dòz eksefif ki disponib san preskripsyon; epi suiv estanda revizyon itilizasyon ki entèdi otorizasyon davans oswa revizyon an menm tan pou 30 premye jou tretman sante mantal pou adilt ki nan yon lopital pou pasyan ki entène oswa yon rezidans pou kriz nan rezo a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)